



### Sèvis Matènite yo

Akouchman se youn nan evènman ki pi enpòtan nan lavi. Nou konnen sa, donk nou asire n ou genyen tout swen ak sipò ou bezwen. Doktè yo, fanmsaj yo, enfimiyè yo, asistan doktè yo, moun kap ede fanm kap akouche, ak lòt anplwaye ap travay pou fè moman sa a espesyal pou ou.

Fanmi yo gen 2 chwa: Chanm akouchman ki tou nèf la oubyen Sant akouchman ki ranje menm jan ak yon kay. Kèlkeswa sa ou chwazi a, sante w ak sante ti bebe w la nan bon men.

#### Nou gen sèvis ou bezwen yo

- Swen anvan pitit la fèt tankou
  - Tès anvan w fè pitit la
  - Konsèy jenetik
- Anestezi
- Pedyatri
- Swen ti bebe
- Edikasyon sou fè timoun
- Konsiltasyon lèt tete
- Tranche
- Akouchman
- Swen apre akouchman

### Sal Akouchman

Sal akouchman an ak premye etaj kote yo pran swen ti bebe yo ki nan lopital Cambridge la te repare nèt nan lane 2005, ki pèmèt pou nou ba w swen ki pi bon lè w gen tranche, lè wap akouche, epi pandan tan ou fè nan lopital la apre w fin akouche.



Chak gwo chanm nou yo genyen yon basen Jacuzzi, Televizyon, Videyo, epi anpil nan chanm nou yo bay sou vil Boston an.

Manman yo gen aksè 24/24 a yon sèvis anestezi ki soti nan lopital Mass General. Epiou ti bebe w la ap nan bon men ak ekip Pedyat nou an ki travay 24/24.

Tanpri, mete w alèz pou vizite nou epi pou w rankontre ak anplwaye nou yo. Sa ap fè tèt ou poze epi fè w konnen ak kisa pou w atann ou pandan tan wap rete ak nou an.

### Sant Matènite a

Sant Matènite Cambridge la tabli nan yon bèl kay ansyen ki an fas lopital Cambridge la. Se yon chwa pou fanm ki pa gen gwo risk nan gwosès li epi ki vle achouche nan yon plas ki natirèl epi ki tankou lakay. Fanm yo kapab resevwa swen anvan achouche yo nan Sant Akouchman an. Sant sa a dirije pa fanmsaj ki nan lopital Cambridge la, epi li sipòte pa depatman Jinekoloji ak Sante Fanm. Anplwaye ki nan Sant Akouchman an pale plizyè lang epi yo sèvi fanm ki soti toupatou nan lemond.



### Swen Espesyalize

#### Pedyatri

Doktè Pedyat yo travay kole kole ak anplwaye nou yo pou bay ti bebe ki fenk fèt yo swen. Pitit ou a ap resevwa swen nan men ekspè ki gen men soup.

### Swen Fetis Fanm Ansent

Sèvis sa a se pou fanm ki gen gwo risk nan gwosès li epi sèvis sa a pèmèt nou gade sante manman an ak pitit la ansanm pou diminye sa ki kap lakòz risk sa yo.

Konsa tou, ou kapab jwenn aksè pou jwenn la-pou-la konsèy jenetik ak egzamen avan pitit la fèt.

### Neyonatolojys

Doktè sa yo pran swen ti bebe ki gen gwo risk, ki fèt anvan lè, ki pa peze anpil pwa lè yo fèt, ki se 2 ou 3 marasa, oubyen ki genyen lòt pwoblèm sante.

Nou kapab fè aranjman byen vit pou akouchman ti bebe ki gen gwo risk yo nan youn nan lopital ki travay ak nou yo si nou santi nivo swen sa a nesesè.

### Anplwaye Nou yo

Anplwaye ekspè nou yo ki genyen doktè, asistan doktè, enfimiyè, fanmsaj, asistan enfimiyè, epi moun kap ede fanm nan akouchman, fyè pou yo travay ak fanm epi pou bay swen lasante ki pi bon an.

### O sijè Fanmsaj nou yo

Anplwaye yo pran swen fanm ki gen tout laj. Yo resevwa antrenman tankou enfimiyè ak fanmsaj epi yo gen sètifika nan American College of Nurse-Midwives. Nan Massachusetts, yo gen diplòm kòm enfimiyè ki avanse nan pratik yo.

Fanmsaj yo pran swen fanm yo pandan gwosès la, tranche a, akouchman an epi pandan ti tan fanm yo rete lopital la apre akouchman an. Yo resevwa antrènman nan fason yo fè akouchman natirèl ak sèvis jinekoloji pou fè fanm nan vin byen.

### Ki sa moun kap ede nan akouchman an ye (Doula yo)

Moun sa yo se moun ki soti toupatou nan kominote nou yo, ki resevwa antrènman fanm pou ede fanm yo menm jan yon manman oubyen yon sè te ka fè l – pou l bay sipò anvan, pandan e menm apre akouchman an. Yo ede ans-eye nouvo manman yo kijan pou yo bay ti bebe tete. Moun sa yo pale anpil lang ki diferan epi yo travay nan lopital Cambridge ak nan Sant Matènite a.

### Edikasyon sou Akouchman

Kit se premye oubyen katyèm pitit ou, nou konnen fanmi yo bezwen tout èd yo kapab jwenn. Nou fyè pou nou ofri yon seri de kou ak gwoup ki bay manman yo ak fanmi yo konpetans yo bezwen.



Klas sa yo genyen ladan yo:

- Edikasyon sou Akouchman
- Yoga anvan w fè pitit la
- Kou pou nouvo papa yo
- Konsiltasyon sou lèt nan tete
- Gwoup Sipò pou Nouvo Manman

**KILÈS NOU YE**

Cambridge Health Alliance se yon sistèm vizyonè, ki resewva pri pou lasante kap bay bon jan swen nan Cambridge, Somerville, Everett, ak kominote alantou yo ki nan pati nò a. Li genyen 3 lopital ak plis pase 20 klinik pou bay swen regilye. Kòm se yon lopital ki afilye ak Lekòl Medsin Harvard la, li ofri fòmasyon pou rezidan/pwogram antrènman ak ekperyans aprantisaj bachelye nan lopital ak nan mitan kominote a.

Jodi a, Cambridge Health Alliance fyè pou li youn ki nan tèt nan swen lasante nasyonal. Nan dezan pase yo sèlman, Alliance la te vin rekonèt nan tout nasyon an pou pwogram maladi opresyon li genyen pou timoun, pwogram lasante kominotè, sèvis sante mantal, ak anpil efò pou fè rechèch. Yo te site non li tou kòm youn nan meyè sistèm pou lasante ki gen tout sa w ta bezwen ladan l nan tout peyi a.

[www.cambridgehealthalliance.org](http://www.cambridgehealthalliance.org)

**LOKASYON:**

**Maternity Suite**  
**The Cambridge Hospital**  
 1493 Cambridge Street  
 Cambridge, MA 02139

**Cambridge Birth Center**  
 10 Camelia Avenue  
 Cambridge, MA 02139  
**617-665-2229**



Cambridge Health Alliance



HARVARD  
 MEDICAL SCHOOL  
 TEACHING AFFILIATE

GR05\_443-WH-MAT-  
 H.CREOLE



# Sévis Maténite

NAN CAMBRIDGE HEALTH ALLIANCE



Cambridge Health Alliance



HARVARD  
 MEDICAL SCHOOL  
 TEACHING AFFILIATE

Cambridge Health Alliance se yon sistèm swen sante ki gen twa lopital ak plis ke ven sant pou premye swen. Yo nan Cambridge, Somerville, ak nan kominote nan nò Boston yo.